Li nuy bëgga lim lu nu tëral la, bëgg cee déggook bokki jàngkat yu tedd yi, ngir déggin wi leer, ba deesu ko jaawatle.

Nanu ràññee…

nanu ak **nañu**
Dees na wax : « (Nun) war nañoo dem » (**n** bi am maas bii : ˜).
Waaye danu koo taamoo binde nii :
« (Nun) war **nanoo** dem, »
ngir ñu bañ koo jaawatleek : « War nañoo dem (ñoom). »

naa ak **na**
Bu loolu weesoo, dees na wax : « (Moom) war naa dem. »
Waaye danu koo taamoo binde nii :
« (Moom) war **na** dem, »
ngir ñu bañ koo jaawatleek : « War **naa** dem (man). »

leen ak **léen**
Te it dees na wax, « Bëgg nanu leen (ñoom). »
Waaye danu koo taamoo binde nii :
« Bëgg nanu **léen** (ñoom), » (**léen** am maas bii : ´)
ngir ñu bañ koo jaawatleek : « Bëgg nanu **leen** (yéen). »
Noonu :
Yéen ñi gëm, Yàlla musal na **leen.**
Ñoom ñi gemul, Yàlla rëbb na **léen.**

Boo gisee màndarga mii — xamal ne kàddu gee yeggul. Dafa dog, mbaa muy wax ju ñu junj rekk.
Mbind yi ñu ràññale ak yi ñu dijjal, bokkul ci mbindum Yàlla mu sell, mi ñu jukkee ci téere yu jëkk ya.
Boo gisee baat bu ñu tofal araf bu tuuti bu mel nii [a] , seetal lu muy tekki ci suufu xët mi.
Boo gisee tomb bii * ci boppu baat, seetal lu muy tekki ci *Leeral yi*, fi téere biy waaja jeexe.

Téereb Injiil bii ci wolof manees na am kasetam.